



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON OGMANTASYON NAN PATWOUY KONT MOUN K AP KONDUI AK KAPASITE AFEBLI PANDAN JOUNEN FÈT SEN PATRIK LA

Kanpay ranfòsman an ap fèt apati 16 mas jiska 20 mas

Yo te bay plis pase 47,000 kontravansyon pou veyikil ak vyolasyon lwa sikilasyon pandan kanpay ane pase a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke ajans ranfòsman lalwa eta ak lokal New York yo ap mete sou pye patwouy ak sible moun ki ap kondui ak kapasite afebli anvan, pandan ak apre Jounen Fèt Sen Patrik la. Kanpay ranfòsman an pral reyalize apati mèkredi 16 mas jiska dimanch 20 mas 2022. Inisyativ sekirite sa fèt pou diminye aksidan sikilasyon ki gen rapò ak alkòl ak dwòg epi sove lavi. Li sipòte pa STOP-DWI avèk finansman Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC).

"Nou tout renmen selebre Jounen Fèt Sen Patrik la avèk fanmi ak zanmi, kidonk asire nou selebre ane sa an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo planifye yon woulib pou tounen san danje lakay yo, pou yo kapab jwi selebrasyon yo san mete tèt yo ak lòt yo andanje".

Pandan kanpay 2021 an, fòs lòd nan tout eta a te bay 47,349 kontravansyon pou vyolasyon veyikil ak lwa sikilasyon, ki enkli 1,403 arestasyon pou DWI. Repatisyon konplè a isit la:

Vyolasyon	Kantite Kontravansyon
Kondui avèk Kapasite Afebli	1,403
Kondi Distrè	610
Vyolasyon Lwa Mete w Akote a	280
Lòt Vyolasyon	33,349

Senti sekirite	1,298
Eksè Vitès	10,409
Montan Total	47,349

Komisè DMV New York la ak Prezidan GTSC a, Mark J.F. Schroeder te deklare, "Selebrasyon fèt Sen Patrik la ta dwe nan lajwa ak amizan. Pa kite desizyon ensousyan pou kondui ak kapasite ki afebli gate sa. Kondui ak kapasite afebli mete ou menm ak tout moun ki pataje wout la andanje. Toujou gen yon plan pou rive lakay ou san danje".

Sipè-entandan Lapolis Eta New York la, Kevin P. Bruen, te deklare, "Lapolis Eta a rekòmande pou tout moun gen yon plan pandan Jounen Fèt Sen Patrik sa a. Pa gen anyen mal nan selebrasyon depi ou fè sa yon fason responsab. Si w bwè alkòl, pa chita dèyè volan -- planifye davans ak fè aranjman pou w gen yon woulib pou mennen w lakay ou san danje. Pa gen okenn eskiz pou w pran volan si ou gen kapasite afebli. Yon jou ap selebre kapab vire byen vit an trajedi akòz konduit ak kapasite afebli".

Chèf Depatman Polis Iliion, ak Prezidan Asosyasyon Chèf Polis Eta New York la, Timothy Parisi, te deklare, "Chèf Lapolis atravè eta a ap raple chofè yo pou planifye davans pou itilize mwayen transpò altènatif si y ap konsome alkòl pandan selebrasyon Fèt Sen Patrik la. Move desizyon kapab lakòz konsekans trajik! Ede nou kenbe wout nou yo an sekirite, tanpri kondui ak tèt klè".

Cherif Konte Livingston ak Prezidan Asosiyasyon Cherif Eta New York la, Thomas Dougherty, te deklare, "Si ou kondui ak kapasite afebli, chans llandè a p ap avèk ou. Cherif Eta New York yo vle ou jwi Jounen Fèt Sen Patrik la epi retounen nan bon tan men ou dwe fè sa nan genyen yon plan pou pa kondui ak kapasite afebli. Depite yo pral pare pou retire chofè ak kapasite afebli yo sou wout la epi kenbe tout vwayajè yo an sekirite".

Pwogram STOP-DWI a se yon eleman enpòtan nan efò New York pou konbat kondui ak kapasite afebli. STOP-DWI defini kòm "Pwogram Opsyon Sikilasyon Espesyal pou Moun ki ap Kondui Pandan yo Sou (Special Traffic Options Program for Driving While Intoxicated, STOP-DWI)". Efò pwogram yo finanse avèk kontravansyon chofè ki koupab yo peye paske yo ap kondui avèk kapasite afebli. Li enpòtan pou note ke kowòdonatè pwogram yo gen ladan divès orijin pwofesyonèl, gen ladan fòs ranfòsman lalwa ak fòs ki pa nan ranfòsman lalwa.

Anba sipèvizyon GTSC, STOP-DWI te kreye pou otonomize konte yo pou kowòdone efò lokal yo pou redui aksidan sikilasyon ki gen rapò ak alkòl ak lòt dwòg yo. Tout 62 konte yo chwazi patisipe. Kèk ezanp pwogram ke STOP-DWI la finanse gen ladan inite lapolis ki fòme espesyalman ki devwe ak ranfòsman DWI yo, anbochaj pwokirè espesyal yo ak ofisye pwobasyon pou jere kantite ka yo, kontwole aparèy antidemaraj

yo, sipòte sèvis reyabilitasyon yo, ak devlope kanpay enfòmasyon ak edikasyon piblik ki apwopriye pou kominote yo andedan rejyon respektif yo. Pou w gen plis enfòmasyon, vizite: <http://www.stopdwi.org/>.

Anplis de STOP-DWI a, GTSC a sipòte fòmasyon pou Ekspè nan Rekonesans Dwòg yo (Drug Recognition Experts, DRE). DRE yo se ofisyè ki fòme espesyalman ke fòs lòd la itilize lè yon chofè sanble gen kapasite afebli, men polis la elimine posiblite alkòl kòm kòz oswa sèl kòz enfliyan lan. Yon DRE resevwa fòmasyon konplè ke Administrasyon Sekirite Sikilasyon Otowout Nasyonal (National Highway Traffic Safety Administration) la ak Asosyasyon Entènasyonal Chèf Lapolis yo apwouve (International Association of Chiefs of Police). Fòmasyon an pèmèt ofisyè yo obsève epi dokimante siy ak endikate kapasite afebli nan chak nan sèt kategori dwòg yo gen ladan dwòg ilegal ak preskripsyon yo.

GTSC a kowòdone tou plizyè aktivite sekirite sikilasyon pandan ane a epi sipòte inisyativ kontinyèl yo pou amelyore sekirite pyeton, ak moun ki sou moto ak bisiklèt yo. GTSC sipòte tou fòmasyon esansyèl pou fè aplike lalwa, bay resous pou chofè adolesan yo ak paran yo, epi ankouraje itilize senti sekirite nan tout Eta a.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman NYS OASAS la nan FindAddictionTreatment.ny.gov oswa atravè sitwèb NYS OASAS la.

Pou plis enfòmasyon sou GTSC, vizite <https://trafficsafety.ny.gov/>, oswa swiv konvèsasyon GTSC a sou [Facebook](https://www.facebook.com/gtscny) ak [Twitter](https://twitter.com/gtscny).

Pou plis enfòmasyon sou DMV, vizite dmv.ny.gov, oswa swiv konvèsasyon sou DMV a anliy nan [Facebook](https://www.facebook.com/dmvny), [Twitter](https://twitter.com/dmvny) ak [Instagram](https://www.instagram.com/dmvny).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418